

1e Jiyè 2024

Chè Paran/Responsab:

Ministè Sante Indiana a (*Indiana Department of Health*) (IDOH) kwè pwoteje sitwayen Indiana yo kont maladi vaksen kapab anpeche se youn nan wòl ki pi kritik nan sektè sante piblik la.

[\(IC\) 20-34-4-2](#) chaje IDOH pou nou fikse ak pibliye egzijans vaksen pou antre skolè pou timoun k ap asiste lekòl piblik ak prive ki akredite nan eta nou an.

Indiana te kòmanse ap viv yon epidemi Epatit A nan mwa Novanm 2017 ki te lakòz lopitalizasyon ak lanmò anpil moun. Nan mwa Jiyè 2019 yon gwoup konsiltatif pou egzijans vaksen pou lekòl ki te genyen ladan li Divizyon Vaksinasyon Ministè Sante Indiana a, Ministè Edikasyon Indiana a, Asosyasyon Enfimyè Lekòl Indiana a, Kowalisyon Vaksinasyon Indiana a, Akademi Pedyatrik Ameriken an, Chapit Indiana a te dakò nan fason inanim pou nou egzijè de (2) dòz valab vaksen kont epatit A pou tout nivo skolè yo, sa enkli pwogram pre-jadendanfan, apati otòn ane skolè 2020-2021 an.

Vaksen an kont epatit A se yon seri de (2) dòz ki nòmalman rekòmande apati laj 12 mwa. Seri de (2) dòz sila a mande omwens sis mwa ant chak dòz. Seri vaksen sa a an sekirite epi li efikas nan anpeche pwopagasyon epatit A, yon enfeksyon viral nan fwa a ki kontajye anpil.

Tanpri mete randevou avèk founisè swen medikal ou pou kòmanse ak/oswa konplete seri a pou pitit ou. Nou ankouraje w diskite sou kèlkeswa lòt vaksen ki apwopriye pou timoun nan laj pitit ou pou li ki kapab nesesè pou pwoteje li kont maladi ak kansè, tankou grip la, papilomaviris imen (HPV), menenjit B, ak COVID-19.

Si w ta gen kesyon sou istorik vaksinasyon pitit ou, IDOH te etabli yon zouti anliy an 2012 ki pèmèt endividi aksede dosye vaksinasyon yo, ki rele MyVaxIndiana. Zouti sila a pèmèt endividi wè ak enprime dosye vaksinasyon yo apre yo fin resevwa yon nimewo idantifikasyon pèsònèl (PIN) ki sekirize ak pèsonalize pou yon founisè swen medikal. Tanpri mande founisè swen medikal ou pou èd pou w jwenn aksè.

M Swete W Bon Sante,



Dave McCormick

Direktè, Divizyon Vaksinasyon Ministè
Sante Indiana

Pou nou **ankouraje**, **pwoteje**, ak **amelyore** sante ak sekirite tout moun Hoosier yo.